

Pou Piblikasyon Imedya: 01/04/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BENEFISYÈ INOGIRAL NAN SIBVANSYON NYFIRST  
POU LEKÒL MEDSIN**

***Columbia University, Lekòl Medsin Icahn nan Mount Sinai ak University of Rochester Rekrute Chèchè Eksepsyonèl nan Syans Lavi Ki Konsantre sou dekouvri nouvo fason pou dyagnostike ak trete kondisyon medikal***

***Sibvansyon NYFIRST ofri sipò finansye pou aktyalize ak ekipe laboratwa yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse benefisyè inogiral sibvansyon nan Fon New York pou Inovasyon nan Rechèch ak Talan Syantifik (New York Fund for Innovation in Research and Scientific Talent, NYFIRST), yon pwogram kapital finansye 15 milyon dola pou lekòl medsin pou ankouraje rekrute ak kenbe chèchè eksepsyonèl nan syans lavi ki konsantre sou rechèch tradiksyonèl lè li sipòte etabli ou modènize laboratwa yo. Rechèch tradiksyonèl konstwi sou rechèch syantifik pou jwenn nouvo fason pou dyagnostike ak trete kondisyon medikal. Benefisyè ane sa a enkli Columbia University ak Lekòl Medsin Icahn nan Mount Sinai, toulède nan Vil New York, ak University of Rochester nan rejyon Finger Lakes. Chak enstitisyon rekrute yon chèchè syans lavi wo nivo, epi laboratwa li pral benefisyè nan prim NYFIRST.

"Syans lavi se yon endistri vital ki ap grandi nan Eta New York, epi chak nan enstitisyon sa yo se refleksyon talan, rechèch ak konesans aplike eksepsyonèl ki ap devlope isit la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen felisite benefisyè nan sibvansyon NYFIRST pou lekòl medsin epi mwen enpasyon pou m wè yo kontinye ranfòse endistri syans lavi k ap fleri nan Empire State."

"Sibvansyon sa yo kòm yon pati Sibvansyon NYFIRST ap ofri resous ki nesesè pou sipòte adisyon anplwaye ak kwasans rechèch syans lavi", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Finansman kapital yo te akòde kòm pati nan pwogram lan pral pèmèt etablisman yo pou amelyore laboratwa yo ak rete lidè nan rechèch ak devlopman depwent pou trete kondisyon medikal ak sove lavi."

Chak nan enstitisyon sa yo pote talan tradiksyonèl premye nivo bay New York ki soti na enstitisyon rechèch remakab atravè peyi a.

- Columbia University te rekrute Jordan Orange, MD, PhD, ki sot nan Baylor College of Medicine nan Houston. Doktè Orange, ki pral sèvi kòm prezidan Depatman Pedyatri, li se yon syantifik yo apresye anpil ki gen rechèch li ki kondwi a aplikasyon pou senk patant. Li aplike teknik imajri avanse pou konprann byoloji defisyans iminite jenetik. Yon chèchè adisyonèl ki sot nan Baylor, Doktè Emily Mace, pral rejwenn Doktè Orange at Columbia.

- Lekòl Medsin Icahn nan Mount Sinai te rekrute Julius C Hedden, III, PhD, ki sot nan Harvard Medical School nan Boston. Rechèch Doktè Hedden konsantre sou aplike teknik imajri inovan pou maladi newodejeneratif ki lye ak laj tankou maladi Alzheimer. Laboratwa li an nan Mount Sinai pral fè pati Enstiti Imajri Tradiksyonèl ak Molekilè (Translational and Molecular Imaging Institute) modèn lekòl la.
- University of Rochester te rekrute Paula Vertino, PhD, yon syantifik rechèch ki sot nan Emory University nan Atlanta yo rekonèt li pou travay li nan wòl epijenetik nan devlopman kansè, pou sèvi kòm Direktè Rechèch Tradiksyonèl nan Enstiti Kansè Wilmot (Wilmot Cancer Institute). Li pral responsab pou akselere devlopman dekouvèt laboratwa nan teknoloji, dyagnostik ak tretman kansè. Twa syantifik ki akonpli anpil ki sot nan Stanford University, Enstiti Wistar, ak University of Utah pral akonpaye Doktè Vertino nan Rochester.

NYFIRST rann yon sibvansyon maksimòm 1 milyon dola disponib pou kandida enstitisyonèl ki elijib pou modènize, renove ak aktyalize etablisman laboratwa pou atire syantifik premye nivo nan lekòl medsin nan Eta New York. Yo fè prim sibvansyon pwogram atravè yon demann sibvansyon konpetitif jiskaske yo angaje fon yo konplètman. Yo mande benefisyè pou yo ofri 2 dola nan fon ekivalan pou chak 1 dola nan pwogram asistans NYFIRST.

Talan syantifik yo rekrute oubyen yo kenbe dwe montre yon istwa rechèch tradiksyonèl epi aktivman swiv rechèch sou solisyon inovan pou bezwen klinik ki pa satisfè. Yo mande chèchè a tou pou l demontre yon chemen klè pou komèsyalize ak potansyèl pou benefis devlopman ekonomik enpòtan nan syans lavi nan Eta New York, tankou ogmantasyon nan aplikasyon pou patant ak dekouvèt ou ka patante; ogmantasyon nan rekritman/konsèvasyon fakilte lekòl medsin ki konsantre sou rechèch tradiksyonèl; oubyen yon ogmantasyon nan kantite travay syans lavi ki kreye oubyen ki konsève.

Yo dwe itilize finansman sibvansyon NYFIRST pou depans an kapital, sa enkli, men sa pa limite a: depans ki lye ak konsepsyon, akizasyon, konstriksyon, rekonstriksyon ak reyabilitasyon nan espas laboratwa; acha ekipman; ak lòt depans an kapital.

Aplikasyon ak direktiv pou pwogram 2019 disponib kounye a sou sit wèb ESD epi ou ka aksede yo nan: <https://esd.ny.gov/ny-first-program>.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan Howard Zemsky te deklare,** "NYFIRST eksplwate ak amelyore richès nan domèn syans lavi eta ki san egal, ki rann Eta New York ak lekòl medsin li yo ankò pi atiran pou chèchè ak syantifik ki rekoni onivo mondyal. Nou enpasyan pou nou wè pwogram sa a transfòme rechèch revolisyonè pou vin tounen opòtinite komèsyal ak ekonomik nan Empire State lan".

**Doktè Lee Goldman, Dwayen Fakilte Syans Sante ak Medsin epi Prezidan, Sant Medikal Irving nan Columbia University, te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ak Lejislati an paske yo etabli pwogram sibvansyon NYFIRST lan. Nou kontan anpil paske nou pami premye benefisyè prim sa a. Lòt eta ap travay pou atire chèchè pou yo pa al New York, men NYFIRST ba nou yon avantaj nan kesyon rekritman ak kenbe meyè talan - syantifik ki pa sèlman reyalize gwo rechèch, men yo pote tou sibvansyon federal, aplike pou patant, lanse nouvo konpayi, ak kreye travay. Nou

enpasyon pou etap fiti epi nou espere nan tan k ap vini yo pwogram lan ap gen yon finansman solid."

**Eric J. Nestler, MD, PhD, Dwayen nan Mount Sinai pou Afe Akademik ak Syantifik, te deklare,** "Envestisman jenere sa a nan men Eta New York te rann posib pou Lekòl Medsin Icahn nan Mount Sinai pou rekrute Trey Hedden, PhD ki sot nan Harvard Medical School, Boston, MA pou al nan Vil New York. Doktè Hedden, yon lidè mondyal nan itilizasyon imajri sèvo avanse pou dyagnostike maladi Alzheimer ak lòt demans, pral jwe yon wòl esansyèl nan gide ekip rechèch miltidisciplinè pou nouvo tretman pou maladi devastatè sa yo. Nou enpasyon pou nou asosye ak Eta New York nan yon efò pou ede New York vin episant syans byolojik".

**Mark B. Taubman, M.D., Direktè Egzekitif Jeneral Sant Medikal University of Rochester ak dwayen Inivèsite Lekòl Medsin ak Dantis (School of Medicine and Dentistry) nan University of Rochester, te deklare,** "Syans tradiksyonèl rete esansyèl pou deplase dekouvèt laboratwa an nouvo teknoloji ak tretman pou pasyan, epi nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Lejislati pou sipòte travay sa a atravè NYFIRST. Sibvansyon sa a te pèmèt nou pou pote syantifik akonpli ak natifnatal Buffalo Paula Vertino, PhD, retounen nan rejyon nò New York epi atire twa chèchè adisyonèl isit la ki soti atravè peyi a. Pa sèlman envestisman sa a nan syans pral pwodwi nouvo travay, li pral pote tou nouvo pèspektiv ki pral akselere pwogrè kont kansè".

**Senatè Brian Benjamin te deklare,** "Mwen eksite paske Columbia University te rete enkli kòm yon benefisyè inogiral nan Fon New York pou Inovasyon nan Rechèch ak Talan Syantifik. Sibvansyon sa pral pèmèt Columbia pou atire ak kenbe moun ki meyè ak pi entelijan yo nan pwogram syans lavi ki deja premye klas, epi pou kontinye pou anrichi distri a mwen reprezante ak eta New York".

**Senatè Michael Ranzenhofer te deklare,** "Rejyon Lwès New York se kay rechèch avanse nan inivèsite ak enstitisyon medikal nou yo. Mwen te fyè pou sipòte kreyasyon pwogram sibvansyon NYFIRST epi mwen kontan anpil pou felisite University of Rochester nan jwenn youn".

**Manm Asanble a Robin Schimminger te deklare,** "Endistri syans lavi rete yon sektè vitalman enpòtan nan nouvo ekonomi a epi mwen vle felisite enstitisyon sa yo pou yon travay ki byen ekzekite. Rekrute lidè sa yo nan domèn respektif yo pral devlope kapasite lekòl medikal ak enstitisyon rechèch epi trete kondisyon medikal grav. Sa a se ekzakteman rezon nou te kreye ak finanse NYFIRST."

**Manm Asanble Lentol te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Cuomo sou alokasyon sibvansyon sa yo. Sipòte rechèch medikal nan Eta New York etabli yon chemen nan sans tretman pou fanmi nou yo; pote medsen ak chèch pi gwo kalite yo nan eta nou an epi avanse ekonomi byomedikal ak teknoloji nan New York".

**Harry Bronson, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Rekrute ak kenbe chèchè syans lavi nan University of Rochester se yon etap vital nan sans pou rann nouvo avans ak pwogrè ki nesèsè pou kontinye fè Finger Lakes avanse vèlavan. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a pou angajman yo nan atire talan klas avanse

nan Eta New York epi pou investè nan kapital teknolojik ak imen ki nesès pou eradike menas ki pi sevè kont sante fanmi nou yo".

**Manm Asanble John T. McDonald III te deklare,** "Syans lavi ofri opòtinite pou pi gwo dekouvèt nan medsin ki nesès sipò ak investisman ekzak. Pwogram NYFIRST se pwogram kòrèk pou enspire ak investè nan rechèch ak ekipman pou kondwi a dekouvèt demen yo".

**Manm Asanble Dan Quart te deklare,** "Etid syans lavi, soti nan ekoloji ale nan iminoloji, rete enperatif pou nonsèlman konprann monn ki otou nou an, men pou amelyore eksperyans imen anjeneral. Pwogram NYFIRST se yon investisman nan fiti New York, ki pèmèt eta nou an pou atire ak kenbe chèchè wo nivo nan syans lavi yo".

**Manm Asanble a Rebecca A. Seawright te deklare,** "Mèsi Gouvènè Cuomo pou efò ou yo pou asire Eta New York rekrute ak kenbe pi bon talan yo pou lekòl medsin nou yo. Felisitasyon a benefisyè prim sibvansyon yo: Lekòl Medsin Mount Sinai, Columbia University ak University of Rochester. Depi 2017, mwen te solidman ankouraje pwogram Fon New York pou Inovasyon ak Rechèch ak Talan Syantifik. Pwogram sa a ofri 15 milyon dola kòm investisman Eta a ki ta pral yon kontribisyon ki koresponn nan pwopòsyon 2:1 nan men 16 lekòl medikal Eta New York yo. Sa ka mennen a yon total dola investisman konsiderab piblik/privè. Pwogram NYFIRST lan pral donk sipòte inisyativ sante ekzistan ak fiti ak yon enpak ekonomik pozitif nan Eta New York epi avanse tou dekouvèt medikaman, akselere komèsyalizasyon ak ranfòse ekonomi syans byoloji eta a. Mwen enpasyon pou ane fiti yo pou inisyativ ki etabli opòtinite similè pou lekòl medsin CUNY ak SUNY pou konstwi sou kontribisyon rechèch yo nan kad byennèt Eta nou an".

### **Inisyativ Syans Lavi 620 Milyon dola Eta New York la**

Nan bidjè Ane Fiskal 2018 la, Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak devlope kapasite eta a pou l komèsyalize rechèch sa a epi devlope ekonomi an.

Inisyativ a plizyè aspè sa a gen ladan 100 milyon dola pou agrandi Kredi Taks Pwogram Djòb Excelsior la (Excelsior Jobs Program Tax Credit) pou enkli endistri syans lavi a ladan, 100 milyon dola pou yon pwogram kredi taks ranbousab pou fè rechèch ak devlopman syans lavi yo, 320 milyon dola nan investisman sou lòt fòm yo ki gen ladan sibvansyon kapital eta a yo pou sipòte devlopman yon espas laboratwa imid ak espas inovasyon, sipò fonksyonèl ak investisman kapital pou konpayi syans lavi ki fenk kòmanse yo ki rantabilize yon montan korespondan a omwen 100 milyon dola adisyonèl ki soti nan sektè prive a.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn biyoteknoloji, famasetik, teknoloji biyomedikal, teknoloji sistèm lavi epi li gen ladan l'òganizasyon ak enstitisyon ki konsakre majorite efò yo nan diferan etap rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Chak jou, konpayi nan sektè sa a ap devlope nouvo pwogrè medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, oswa pou nouvo terapi oswa deteksyon maladi nan premye estad tankou otis ak kansè. Antrepriz sa yo fè pwogrè ki enpòtan tou nan domèn biyoteknoloji agrikòl ak anviwònman, ki ede kreye yon avni ki pi pwòp epi ki pi dirab.

Lè l ranfòse ensitasyon, investisman nan enstalasyon yo epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York ap ogmante aksyon li nan rechèch ak devlopman endistri a finanse, sipòte komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi akonpanye nouvell jenerasyon an nan teknoloji avanse yo. Anplis pwogrè nan syans, inisyativ sa ap mete New York nan pozisyon pou li vin yon leman pou antrepriz fakribasyon ki fèk parèt yo, epi konsa ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye djòb.

###

Lòt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)